



**Avi sou Pratik Konfidansyalite:**

**Dat Antre an Vigè: 26 Mas 2013; Dat Revizyon: 1ye Fevriye 2026**

AVI SA DEKRI KIJAN ENFOMASYON MEDIKAL SOU OU KA ITILIZE AK DIVILGE, E KIJAN OU KA JWENN AKSÈ AK ENFOMASYON SA A. TANPRI LI L AK ATANSYON.

Avi sa a dekri pratik konfidansyalite nan konponan antite ibrid ki afilye ak Walmart la. Antite afilye ki kouvri a gen ladan l sèvis famasi ak vizyon/optik Walmart Health & Wellness ak Sam's Club Health & Wellness ansanm ak sèvis Walmart Healthcare Research Institute la. Nou konprann enfòmasyon sante ou yo pèsone, epi nou angaje nou pou pwoteje yo. Lalwa egzije nou pou nou kenbe enfòmasyon sante pwoteje ou yo (« PHI ») konfidansyalite, pou nou ba ou Avi sa a sou devwa legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo konsènan PHI ou a, epi pou nou rapòte ba ou nenpòt vyolasyon ki enplike PHI ou ki pa pwoteje a. Nou oblije swiv tèm Avi aktyèl la.

**Itilizasyon ak Divilgasyon PHI ki pa Bezwen Otorizasyon w:**

**1. Pou Tretman.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou rezon tretman tankou bay medikaman, fè dyagnostik, oswa jere ak kowòdone swen sante ant youn oswa plizyè founisè swen sante ou. Nou ka divilge PHI ou bay doktè ki ap trete ou, founisè swen, famasi, founisè oftalmik, ak lòt pwofesyonèl swen sante pou jere ak kowòdone swen sante ou oswa tretman ou.

**2. Pou Peman** Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou nou menm ak lòt enstitisyon oswa founisè swen sante kapab voye bòdwo ak kolekte peman nan men ou, konpayi asirans ou, oswa yon twazyèm pati. Sa ka gen ladan fè chèk kalifikasyon asirans ak Medicaid leta, Medicare, oswa lòt plan sante, detèmine estati enskripsyon, epi bay PHI bay enstitisyon ki ede nou voye bòdwo ak kolekte kantite lajan ki dwe.

**3. Pou Operasyon Swen Sante yo.** Nou ka itilize epi divilge PHI ou pou operasyon swen sante nou yo ak operasyon swen sante lòt antite ki kouvri avèk ki ou genyen oswa te gen youn relasyon, tankou administrasyon ak planifikasyon entèn ak aktivite ki amelyore kalite ak efikasite pri swen nou ba ou a.

**4. Pou kominike avèk ou konsènan pwodwi ak sèvis ki gen rapò ak sante** Nou ka itilize epi divilge PHI ou a pou kominike avèk ou konsènan swen ou ak zafè ki gen rapò, tankou pwodwi ak sèvis nou bay ki gen rapò ak sante. Pa egzanp, nou ka itilize oswa divilge PHI ou a pou ba ou rapèl pou randevou ak renouvèlman medikaman, enfòmè ou sou pwodwi ak sèvis nou yo, oswa konseye ou sou swen prevantif ak tretman altènatif ki disponib, tankou sa yo ki disponib atravè opòtinite rechèch.

**5. Pou moun ki enplike nan swen ou oswa nan peman pou swen ou** Nou ka divilge PHI ou bay youn manm fanmi, lòt fanmi, zanmi, oswa lòt moun ou idantifye, ki patisipe nan swen medikal ou oswa peman pou swen ou, si ou dakò ak divilgasyon sa a, ou te gen opòtinite pou opoze w e ou pa t fè sa, oswa nou dedwi nan sikonstans yo ak jijman pwofesyonèl nou ke divilgasyon an apwopriye.

**6. Jan lalwa egzije sa** N ap divilge PHI ou lè nou kwè nou oblije fè sa dapre lalwa federal, leta, oswa lokal, yon lòd tribinal oswa yon demann ki sanble.

**7. Pou Evite von Menas Grav pou Sante ouwa Sekirite** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou lè sa nesesè pou anpeche oswa diminye von menas grav pou sante ouwa sekirite nenpòt moun oswa piblik la.

**8. Pou Aktivite Sipèvizyon Sante** Nou ka divilge PHI bay youn ajans sipèvizyon sante pou aktivite ki otorize oswa ki mande pa lalwa tankou odit, enspeksyon, lisansman oswa lòt aktivite ki nesesè pou sipèvizyon sistèm swen sante a, pwogram benefis yo, oswa dwa sivil.

**9. Pou Sante Piblik ak Sekirite.** Nou ka divilge PHI ou bay otorite gouvènman pou aktivite ki gen rapò ak sante piblik ak sekirite tankou prevansyon oswa kontwòl maladi, blesi, oswa andikap, rapòte abi, neglijan, oswa vyolans nan fanmi, epi rapòte rapèl oswa reyaksyon negatif sou medikaman.

**10. Pou Pwosedi Jidisyè ak Administratif yo** 23 Nou ka divilge PHI ou pandan youn pwosedi jidisyè oswa administratif an repons a yon lòd legal oswa lòt pwosès legal.

**11. Otorite Responsab Lwa.** Nou ka divilge PHI bay youn ofisyè lapolis pou sèten rezon envestigasyon lapolis, tankou rapòte yon krim ki fèt sou teren nou oswa reponn kesyon lejitim nan men otorite lapolis yo.

**12. Pou Fonksyon Espesyalize Gouvènman an** 27 Nou ka divilge PHI ou: (1) si ou se yon manm fòs ame yo, jan otorite komandan militè mande li; (2) si ou se yon prizonnyè oswa anba gad, bay youn enstitisyon koreksyonèl oswa yon ofisyè lapolis; (3) kòm repons a yon demann nan men otorite lapolis, anba sèten kondisyon; (4) pou rezon sekirite nasyonal otorize pa lalwa; (5) bay ofisyèl federal ki otorize yo pou pwoteje Prezidan an, lòt moun ki otorize, oswa chèf deta etranje yo.

**13. Pou Konpansasyon Travayè yo** Nou ka divilge PHI ou an konfòmite avèk lalwa leta a konsènan konpansasyon travayè oswa lòt pwogram menm jan an.

**14. Pou Donasyon Ògan ak Tisi** Nou ka divilge PHI ou bay òganizasyon ki rekiperè ògan oswa lòt òganizasyon ki sanble pou rezon don oswa transplantasyon.

**15. Pou Doktè Lejis ak Direktè Ponn Finèb** Nou ka divilge PHI bay youn direktè ponn finèb, yon doktè leis, oswa yon medsen lejist dapre lalwa ki aplikab la pou pèmèt yo fè devwa yo.

**16. Pou Reprezantan Pèsone yo.** Nou ka divilge PHI ou bay youn moun ki gen otorizasyon legal pou ajè an non ou, tankou youn paran, youn gadyen legal, oswa youn administratè oswa ekzekite byen ou.

**17. Pou Prèv Vaksinasyon.** Nou ka bay youn lekòl prèv vaksinasyon sou youn elèv oswa youn elèv potansyèl, jan lalwa egzije sa, si paran/gadyen an, youn minè emansipe, oswa youn lòt moun ki otorize bay otorizasyon pou sa, selon sa ki aplikab.

**18. Rechèch** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou an koneksyon avèk objektif rechèch sa yo: (1) dapre youn egzansyon ki soti nan youn komisyon revizyon enstitisyonèl oswa youn komisyon sou vi prive; (2) preparasyon pou rechèch; epi (3) kòm youn seri done limite (PHI kote yo retire anpil detay idantifikasyon).

**19. Asosye Biznis.** Nou ka divilge PHI ou bay Asosye Biznis ke nou gen kontra avèk yo pou fè sèten sèvis pou nou, tankou sèvis faktirasyon oswa sèvis administratif.

**Itilizasyon ak Divilgasyon PHI ki Bezwen Otorizasyon w** Eksepte jan sa dekri la a, nou p ap itilize oswa divilge PHI ou san otorizasyon w oswa jan lalwa pèmèt. Ou ka anile otorizasyon ou a nenpòt ki lè alekri jan sa endike nan otorizasyon an oubyen lè w ekri HIPAA Compliance, 1 Customer Drive, Mailstop 0230, Bentonville, AR 72716. Anilasyon ou an ap sispann plis itilizasyon oswa divilgasyon PHI pou rezon ki tabli nan otorizasyon ou te siyen an, sof si nou te deja ajè an akò ak otorizasyon sa a, oswa lalwa entèdi nou fè sa. Nou dwe tou swiv lalwa ki aplikab ki pi estrik pase HIPAA.

**1. Vant PHI.** Nou p ap vann PHI ou san otorizasyon ekri ou, oubyen jan HIPAA pèmèt la.

**2. Nòt Sikoterapi.** Eksepte nan kèk sikonstans limite, nou pa ka itilize oswa divilge nòt sikoterapi ki anrejistre pa youn pwofesyonèl sante mantal ki dokimante konvèsasyon ou pandan youn sesyon konsèy san pèmision ou.

**3. Maketing.** Nou dwe jwenn otorizasyon alekri ou anvan nou itilize oswa divilge PHI ou a pou rezon maketing.

**4. Objektif Rechèch** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou a pou lòt rezon rechèch ki pa dekri anwo a sèlman avèk otorizasyon ou.

**Dosye Pwogram Pati 2: 1** Nou ka resevwa PHI ou nan men youn pwogram pou pwoblèm abi sibstans ki gen ladan enfòmasyon ki sijè a 42 CFR Pati 2 ("Pati 2") ki gouvènè konfidansyalite dosye pwoblèm abi sibstans. Pati 2 a bay plis pwoteksyon konfidansyalite pou dosye twoub itilizasyon sibstans nou resevwa nan youn pwogram Pati 2. Nou p ap itilize oswa divilge dosye sou twoub abi sibstans ke nou resevwa nan youn pwogram Pati 2, oswa temwayaj ki rapòte kontni dosye sa yo, nan pwosedi sivil, kriminèl, administratif, oswa lejislatif kont ou sof si se avèk konsantman alekri ou oswa yon lòd tribinal apre yo fin ba ou oswa moun ki gen dosye a youn avi ak youn opòtinite pou you tande w. Youn òdonans tribinal ki otorize itilizasyon oswa divilgasyon dwe gen youn sitasyon oswa youn lòt egzijans legal ki oblije moun divilge dosye a anvan you itilize oswa divilge li.

**Ou Gen Dwa Sa yo Konsènan PHI ou:**

1. Ou ka mande restriksyon sou fason nou itilize oswa divilge PHI ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante, oswa fason nou divilge PHI ou bay youn moun ki enplike nan swen ou oswa peman pou swen ou, tankou youn manm fanmi oswa youn zanmi. Nou pa oblije dakò. Si nou dakò, n ap respekte demann ou eksepte nan kèk sitiyasyon ijans oswa jan lalwa egzije sa.

2. Ou ka mande restriksyon sou sèten divilgasyon PHI ou bay plan sante ou pou rezon tretman, peman, oswa operasyon swen sante ki gen rapò ak sèvis ou te peye nèt sou plas (ak lajan pa ou).

3. Ou ka enspekte epi resevwa youn kopi dosye ou yo nan seri dosye nou deziyen pou li a, oubyen ou ka mande nou pou bay moun ou deziyen an yo. Nan sèten sikonstans, nou ka refize w aksè a youn pòsyon nan dosye w yo. Si ou mande kopi, nou ka fè w peye youn frè rezonab pou kopi a.

4. Ou ka mande nou pou modifiye sèten PHI si li pa kòrèk oswa enkonplè. Ou dwe bay youn rezon pou sipòte demann ou an. Nou ka rejte demann ou si PHI a egzakt epi konplè oswa si li pa fè pati PHI ki konsève pa oswa pou founisè ki konsève a. Si nou rejte demann ou, ou gen dwa soumèt youn deklarasyon dezakò. Demann ou a ap vin fè pati dosye medikal ou, epi li ap enkli chak fwa nou fè youn divilgasyon sou eleman oswa deklarasyon ou panse ki pa konplè oswa ki pa kòrèk.

5. Ou ka mande youn kontabilizasyon divilgasyon PHI ou yo. Sa a se youn lis divilgasyon PHI ou ki fèt, eksepte pou rezon tretman, peman, oswa operasyon swen sante, ak lòt eksepsyon lalwa pèmèt. Demann ou a dwe prezize youn peryòd tan, ki pa ka depase sis ane soti nan dat ou fè demann lan.

6. Ou ka mande nou pou kontakte ou nan youn sèten fason oswa nan youn sèten kote. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou sèlman nan travay ou oswa nan youn lòt rezidans oswa nan youn bwat postal. Demann ou ekri a dwe prezize kijan oswa ki kote ou vle nou kontakte ou. N ap aksepte demann ki rezonab. Si ou ta renmen egzèsè nenpòt nan dwa sa yo, kontakte magazen Walmart oswa Sam's Club ki te ba ou sèvis ou yo pou jwenn fòm ki apwopriye a, oswa soumèt youn demann alekri bay HIPAA Compliance, 1 Customer Drive, Mailstop 0230, Bentonville, AR. 72716. Ou ka jwenn youn kopi paye Avi sa a nan Walmart ou, Sam's Club ou, oubyen sou entènèt nan adrès sa a: <https://corporate.walmart.com/privacy-security/notices>

**Sèvis Asistans Lang ak Èd Auxiliaire:** Dapre seksyon 1557 nan Lwa sou Swen Abòdab (Affordable Care Act), nou bay sèvis asistans lang ak èd auxiliaire sou demann e san okenn frè pou kliyan ak manm, osi byen ke pou pasyan, patisipan, benefisyè, enskri, ak aplikan nan pwogram swen sante, aktivite, oswa sèvis nou yo.

**Chanjman nan Avi Règleman** sou Konfidansyalite sa a: Nou rezève dwa pou nou chanje Avi sa a epi fè nouvo vèsyon an valab pou enfòmasyon sou sante pèsone (PHI) nou deja genyen oswa nou pral resevwa nan lavni. N ap afiche youn kopi Avi aktyèl la. Si nou fè chanjman nan Avi nou an, ou ka jwenn youn kopi nouvo Avi a sou demann oswa sou entènèt nan: <https://corporate.walmart.com/privacy-security/notices/>.

**Pou Plis Enfòmasyon oswa pou Rapòte youn Pwoblèm :** Si ou gen kesyon sou Avi sa a, kontakte HIPAA Compliance, Walmart Inc., 1 Customer Drive, Mailstop 0230, Bentonville, AR. 72716, oswa rele (800) WAL-MART. Si ou kwè dwa ou genyen sou vi prive yo te vyole, ou ka depeze youn plent alekri, epi pap gen okenn revanj, ni avèk l Ofisyè Konfòmite HIPAA nou an nan adrès ki anwo a, ni avèk Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen, Biwo pou Dwa Sivil yo.

Eskane Kòd QR la pou w jwenn vèsyon dijital dokiman sa yo ak lòt Avi sou Sante ak Byennèt

